

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa runtuyan kagiatan dina néan gan bebeneran hiji studi nu ngawujud rumusan masalah nu nimukeun hipotésis awal, jeung dibantu ku pamikiran panalungtikan saméméhna. Ku kituna panalungtikan bisa diolah jeung dianalisis sangkan ngawujud hiji kacindekan (Sahir, 2021, kc.1)

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode kualitatif. Bodga jeung Taylor (1982) dina (Abdussamad, 2021, kc.30) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kecap-kecap sacara tinulis atawa lisan ti jalma-jalma jeung tingkah laku anu bisa diténna; pamarekanna diarahkeun kana latar jeung individu sacara *holistic*.


Métode kualitatif mangrupa métode anu proses panalungtikanna dumasar kana persépsi hiji fénoména sarta pamarekan datana ngahasilkeun analisis déskriptif nu mangrupa kalimah tina objék nu ditalungtikna (Sahir, 2022, kc.6). Pikeun maluruhna, ieu panalungtikan dibutuhkeun métode déskriptif. Métode déskriptif ieu digunakeun pikeun ngaidéntifikasi ajén éstétika anu aya dina guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun ajén éstétika nu ditalungtik nyaéta bentuk jeung struktur (struktur guguritan, struktur lahir puisi, struktur batin puisi), bobot atawa eusi, jeung pintonan (*performance*) nu aya dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta tahapan atawa prosés rarancang panalungtikan nu sacara logis jeung sistematis pikeun ngabahas jeung nganalisis nu jadi fokus panalungtikanna. Fokus ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh ajén éstétika nu aya dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini.

Désain panalungtikan baris ngagambarkeun léngkah-léngkah atawa proses ieu panalungtikan.



Bagan 3.1 *Désain Panulingtakan*

3.2 Téhnik Ngumpulkeu Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan pikeun ngumpulkeun sababaraha référénsi pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Prosés dina ngumpulkeun data nyaéta ku cara maca sababaraha sumber tiori ngeunaan puisi guguritan jeung éstétika.

Anisa Apriliyani, 2023

AJÉN ÉStÉTika DINA KUMPULAN GUGURITAN JALADRI TINGTRIM

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tiori anu jadi papagon dina ieu panalungtikan nyaéta: 1) puisi guguritan jeung kamekaranana; 2) strukturalisme nu ngawengku struktur puisi jeung struktur guguritan; jeung 3) éstétika.

Sumber nu bisa ngawewegan ieu panalungtikan ngawengku (1) buku-buku utama, (2) jurnal panalungtikan, (3) laporan hasil panalungtikan, jeung sumber sumber séjénna nu aya patalina kana ieu panalungtikan.

3.3 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu digunakeun dina ngolah data nyaéta téhnik analisis déskriptif. Ieu téhnik miboga udagan pikeun néangan jeung nangtukeun ajén éstétika anu baris ngadéskripsikeun ajén éstétis dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* Karya Dyah Padmini.

Dina ieu panalungtikan, nu dianalisis nyaéta ajén éstétika nu ngawengku struktur puisi guguritan (guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra), struktur lahir puisi (diksi, imaji, kecap kongkrit, jeung purwakanti), struktur batin puisi (téma, nada, rasa, jeung amanat), bobot/eusi, jeung pintonan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Instrumén ieu digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data.

1) Kartu Data Ngumpulkeun

Tabel 3.1 *Kartu Data Struktur Guguritan*

No.	Kode Data (B/J/P/S/K)	Aturan Pupuh	Keterangan
1.	JD/KK/K/01/73	8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i	Lengkep

Tabel 3.2 Kartu Data Struktur Lahir Puisi

No.	Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)	Diksi
1.	JD/KK/K/01/73	Kadursilaan

No.	Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)	Kecap Kongkrit
1.	JD/KK/K/01/73	Balébat

No	Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)	Imaji (Panénjo, Pangdégé, Pangambeu, Pangrasa, Gerak)
1.	JD/KK/K/01/73	Pangéling geuswanci burit (Imaji Panénjo)

No.	Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)	Gaya Basa
1.	JD/R/S/51/151	Ngembang kadu ningal raga (Gaya basa Lalandian)

No.	Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)	Purwakanti
1.	JD/KK/K/01/73	Pangéling wanci geus <i>burit</i> Tanggara térah reupreupan Mangsa mulang ka <i>asali</i> Ngumbara dialam dunya (Purwakanti Laraswekas/i-a-ia)

Tabel 3.3 Kartu Data Struktur Batin Puisi

No.	Kode Data (B/J/P/K/Pd/Pdl)	Téma
1.	JD/KK/K/01/73	Kaagamaan

No.	Kode Data (B/J/P/K/Pd/Pdl)	Nada
1.	JD/KK/K/01/73	Lugas

No.	Kode Data (B/J/P/K/Pd/Pdl)	Rasa
1.	JD/KK/K/01/73	Waas

No.	Kode Data (B/J/P/K/Pd/Pdl)	Amanat
1.	JD/KK/K/01/73	Manusa kudu tumut ka Pangéran

Keterangan:

- (1) B: Judul buku
- (2) J: Judul guguritan
- (3) P: Pupuh
- (4) K: Kaca
- (5) Pd: Pada
- (6) Pdl: Padalisan

2) Kartu Ngolah Data

Tabel 3.4 Kartu Data Analisis Déskriptif Struktur Lahir Puisi

Analisis Struktur Lahir
Diksi
Judul: “Kidung Kastawa”
<p><i>Pangraksa kadursilaan</i> JD/KK/K/01/73/03/02 Kecap kadursilaan mibboga harti kajahatan. Kajahatan di dieu nuduhkeun lampah goréng atawa tingkah laku goréng nu aya dina diri manusa.</p>

Tabel 3.5 Kartu Data Analisis Déskriptif Struktur Batin Puisi

Analisis Struktur Batin
Téma
Judul: “Kasidian”
<p>Muji Pangéran JD/K/S/76/198 Téma dina guguritan “Kasidian” nyaéta sanduk-sanduk muji ka Pangéran yén Gusti Alloh miboga sipat nu tuggal tur welas asih hiji-hijina panangtayungan pikeun kahirupan manusa.</p>

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan


3.5.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa nu aya patalina jeung ajén éstétika nyaéta wujud nu ngawengku bentuk/ struktur guguritan (guru lagu, guru wilangan, guru gatra) jeung struktur puisi (struktur lahir puisi jeung struktur batin puisi), bobot/eusi (suasana, gagasan/ide, amanat), jeung pintonan/*performance* (bakat, kaparigelan, sarana). Ieu di handap mangrupa judul-judul guguritan nu ditalungtik.

Tabel 3.6 Judul Guguritan nu ditalungtik.

Judul Guguritan	Kode
Kidung Kastawa	JD/KK/K/73
Teu Kawengku ku Ungkara	JD/TKKU/K/76
Sakéténg Pati	JD/SP/K/77
Bébér Layar	JD/BL/K/78
Jagat Afrika	JD/JA/K/84
Hujan Emas	JD/HE/K/87
Tanjung Pugur	JD/TP/K/94
Cacarakan	JD/C/A/106
Sakutra Dunya	JD/SD/A/110
Asmarandana Kangen	JD/AK/A/114
Kurusétra	JD/K/A/123
Pusara Batin	JD/PB/A/125
Disambar Heulang	JD/DH/S/141
Bancang Pakéwuh	JD/BP/S/145
Reuwas	JD/R/S/151
Bulan Mondokan	JD/BM/S/188
Kasidian	JD/K/S/198
Warta Guludug	JD/WG/D203
Ngambah Dunya	JD/ND/D205
Beurat Teuing Jangjang	JD/BTJ/D/209
Golak Siliwangi	JD/GS/D/211
Eunteung Alam 2	JD/EA2/D/213
Tutugan Pati	JD/TP/D/218
Malih Wujud	JD/MW/D/234
Tanpa Cahaya	JD/TC/D/235
Hujan Salju	JD/HS/D/247

3.5.2 Sumber Data



Gambar 3.1 Buku Jaladri Tingtrim

Anisa Apriliyani, 2023

AJÉN ÉStÉTIKA DINA KUMPULAN GUGURITAN JALADRI TINGTRIM

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Judul Buku : Jaladri Tingtrim
 Pangarang : Dyah Padmini
 Pamedal : Pustaka Jaya
 Taun Medal : Citakan ka-1, 2000
 Jumlah Kaca : 253

Jaladri Tingtrim minangka buku kumpulan dangding anu meunang gelar Hadiah Sastra Rancagé dina taun 2001. Pupuh nu digunakeun dina ieu guguritan nyaéta nu kaasup sekar ageung nu ngawengku kinanti, asmarandana, sinom, jeung dangdanggula. Jumlah pada dina ieu kumpulan dangding téh kurang leuwih aya 500 pada. Judul guguritan dina ieu buku aya 108 ditambah 11 judul papantunan. Guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini némbongkeun jati diri pangarang anu wani. Ku kituna guguritan Dyah Padmini leuwih karasa *maskulin*.

3.5.2. Biografi Singget Pangarang

Dyah Padmini gumelar di Sukabumi, 10 Oktober 1946. Anjeunna mimiti nulis karya sastra Sunda taun 1989. Tamat SD anjeunna nuluykeun atikan di Éropah nyaéta di Ecole Supérieure de Perfectionnement Industriel-UIDI-ESPI. Anjeunna kungsi jadi konsultan di hiji perusahaan di Roma. Samulihna ti Itali, anjeunna jadi konsultan di koran Sunda *Mandiri* (2001).



Karya sastra guguritan jeung ésayna sok dimuat di manglé taun 1990-an. Dyah diajar sastra Sunda hususna genre puisi tradisional tina buku karya Satjadibrata ngeunaan mamaos, nganggit sastra ngahaleuangkeun dangding. Salian ti nulis puisi Sunda jeung ésay dina basa Sunda, anjeunna nulis carpon, novel, jeung carita barudak dina basa Indonesia.

Salah sahiji karya sastrana kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 2001 pikeun kumpulan dangding dina rupa-rupa pupuh (kinanti, sinom, asmarandana, dangdanggula) nu bukuna dijudulan *Jaladri Tingtrim*.

Sumber: Buku *Superman versus Gatotgaca*, 2017.

Anisa Apriliyani, 2023

AJÉN ÉStÉTIKA DINA KUMPULAN GUGURITAN JALADRI TINGTRIM

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur/alur panalungtikan mangrupa proses dina ngalaksanakeun panalungtikan ti mimiti panalungtikan nepi ka ahir panalungtikan. Ieu di handap mangrupa prosedur/alur ieu panalungtikan.

1) Ngaidéntifikasi Masalah

Tahapan mimiti nu dilakukeun dina ieu panalungtika nyaéta idéntifikasi masalah saperti nangtukeun kasang tukang panalungtikan, nyieun rumusan masalah, sarta métode panalungtikan anu digunakeunana.

2) Ngumpulkeun Data

Sanggeus nangtukeun masalah tuluy ngumpulkeun data. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan nyaéta sababaraha hal anu nyampak dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini nu ngawengku struktural guguritan jeung unsur éstétika séjénna.

3) Nganalisis Data

Data nu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis saluyu jeung ulikan. Data ieu panalungtikan dianalisis maké ulikan éstétika nu ngawengku bentuk jeung struktur (struktur puisi guguritan, struktur lahir puisi, jeung struktur batin puisi), bobot/eusi, jeung pintonan/*performance*.

4) Nyieun kacindekan

Sanggeus meunangkeun hasil, panalungtik nyieun kacindekan sakabéh proses panalungtikan dumasar hasil analisis data nu geus kalaksana.